



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
SÈVIS MANJE LEKÒL

Fòm sou Kondisyon Repa Ane Akademik 2017-2018

Pou Depatman Sèvis Manje Lekòl pataje enfòmasyon sou pitit ou a ak lòt pwogram ki pa Pwogram Nasyonal Manje Lekòl la, ou dwe bay pèmision **chak ane lekòl**. Mete non elèv la, dat nesans, lekòl aktyèl epi klas pou elèv (yo) ou ta renmen pataje enfòmasyon sa a. Kontakte Idelvis Lugones nan 800-383-2025 si w gen nenpòt kesyon sou fòm sa a.

# ID Elèv (Opsyonèl)	Prenon	Siyati	Dat Nesans	Lekòl Aktyèl	Klas

Tanpri, retounen Fòm sou Kondisyon Repa a nan:

School Food Service Department
3661 Interstate Park Road North, Suite 100
Riviera Beach, FL 33404
Telefòn: 561-383-2000
Faks: 561-383-2043
Web: www.palmbeachschools.org/sfs

Pou chanje konsantman sa a nenpòt kilè, ou kapab ekri yon nòt voye bay Sèvis Manje Lekòl la. **Voye fòm sa a p ap chanje kondisyon pou pitit ou a resevwa manje gratis oswa a pri redui; li p ap nonplis revele enfòmasyon finansye ou; se sèlman pou kondisyon repa elèv la.** Tanpri, note sa, se sèlman enfòmasyon sou kondisyon repa elèv la y ap revele. Sèvis manje lekòl la p ap pataje okenn enfòmasyon ki nan aplikasyon an; nonplis, nou p ap revele enfòmasyon yo pou lòt rezon, eksepte pou sa ki souliye nan konsantman sa a.

Kòm paran oswa responsab elèv ki mansyone anwo a, mwen bay Depatman Sèvis Manje Lekòl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pèmision pou li pataje enfòmasyon sou kondisyon manje pou elèv yo refere anwo a bay administratè pwogram lòt lekòl nan Distri Rejyon Palm Beach la pou yo kapab detèmine si pitit mwen (yo) kalifye pou benefis baze sou kondisyon manje midi gratis oswa a pri redui li. Sa kapab enkli pwomnad, egzanpsyon gratis ak bousdetid posib.

Siyati Paran/Responsab

Dat

Non an lèt detache Paran/Responsab

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la entèdi diskriminasyon nan admisyon, oswa aksè, oswa anplwa nan pwogram ak aktivite li yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, sèks oswa oryantasyon seksyèl, sityasyon marital, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa tout lòt karakteristik lalwa entèdi. Anplis, Distri Lekòl la bay tout moun menm aksè nan eskout oswa lòt gwoup jèn yo deziye. Depatman Agrikilti (USDA) nan peyi Etazini, entèdi diskriminasyon kont kliyan, anplwaye ak aplikan pou travay ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, reprezay, ak kote yo aplikab, kwayans politik, relasyon konjigal, relasyon famiyal oswa parantal, oryantasyon seksyèl, oswa si tout oswa pati yon revni endividyèl ki soti nan nenpòt pwogram asistans piblik, oswa enfòmasyon jenetik pwoteje nan travay oswa nan nenpòt pwogram oswa aktivite Depatman an kreye oswa finansye. (Se pa tout estati ki entèdi yo k ap aplike pou tout pwogram ak/oswa aktivite anplwa.) Si w vle pote plent kont diskriminasyon, ranpli aplikasyon pwogram USDA kont diskriminasyon nan http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, oswa nenpòt biwo USDA, oswa rele nan (866) 632-9992 pou mande yon aplikasyon. Ou kapab tou ekri yon lèt ki gen tout enfòmasyon yo mande nan aplikasyon an. Voye aplikasyon ki ranpli a oswa lèt doleyans la ba nou pa lapòs nan U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, pa faks (202) 690-7442 oswa pa imel nan pwogram.intake@usda.gov. Moun ki tande di oswa ki gen difikilte pou pale yo kapab kontakte USDA pamwayen Sèvis Transmisyon Federal nan (800) 877-8339; oswa (800) 845-6136 (pou Panyòl). USDA se yon enstitisyon oswa yon anplwayè ki bay tout moun menm opòtinite.